



Avètisman : Stajyè Rechech Konpostaj

SOIL (Sustainable Organic Integrated Livelihoods) travay an Ayiti pou transfome dechè an resous itil depi 2006. Misyon nou se kore diyite, lasante ak travay sosyal dirab nan transfomasyon dechè an resous enpòtan pou lanati. Sèvis EkoLakay se yon sèvis twalet inovatif ke SOIL lanse depi 2011 nan Okap.

Nan kad yon pwojè rechech ki mennen depi plis ke 2 zan an patenarya ak yon chèchè Ozetazini, nou komanse yon analiz sou dlo ki filtre anba tè a sou sit konpostaj SOIL yo. Nou gentan fè rechech sa Okap, epi nou apenn komanse li Pòtopwens. Lap pèmet pou nou verifye ki enpak konpostaj la genyen sou sòl la ak dlo anba tè a, epi lap tou gen enpak sou jan nap konstwi sit konpostaj yo alavni

Tit Pòs la	Stajyè Rechech Konpostaj
Biwo SOIL	Pòtoprens
Zòn entèkansyon	Route 9 / Delmas
Disponibilite	1 jou fiks pa semèn
Nonb de pòs	1
Dat piblikasyon	6 Out
Dat limit pou aplike	15 Out
Dire pòs la	6 mwa renouvlab si nesesè

Responsablite pos la :

- kolekte echantiyon nan sistem lizimèt ki enstale sou sit SOIL Pòtoprens lan dapre pwotokol la
- dapre volim echantiyon yo ak pwotokol la, evalye ki tip tè ki ap ka fet
- dapre pwotokol la, sterilize boutey echantiyonaj yo epi netwaye ak prepare materyel la pou lot semèn
- Pòte echantiyon yo nan labo a avan midi
- Yon fwa pa mwa, kolekte done nan datalogè yo epi estoke yo nan katab Dropbox ki apwopriye a

Kritè Kandida:

Obligatwa:

- etidyan nan domèn syantifik (chimi, biyoloji, ekoloji, syans anviwonmantal ,laboratwa medikal, elatriye ...)
- eksperyans nan laboratwa
- bon itilizasyon Excel
- moto pèsone ak lisans moto



Avètisman : Stajyè Rechech Konpostaj

Atou enpotan

- pale angle
- eksperyans nan tes mikwobiyolojik (E. Coli pa egzanp)

Nou ankouraje kandida feminen yo.

Pwosedì pou aplike

Pou moun/pwofesyonèl ki enterese nan pòs sa, Direksyon SOIL ap mande kandida a dokiman sa yo:

- CV (kreyol oubyen franse)
- 3 referans, omwen yonn (1) nan yo dwe yon referans pwofesyonèl
- 1 lèt motivasyon

Si'w wè ke'w reponn a kritè sa yo, epi'w enterese nan pòs sa, tanpri souple voye CV w nan adrès imèl sa: jobs@oursoil.org.

Aprè etid dosye yo, selman kandida ki seleksyon ke nap kontakte.